

.....

## Chapit 3

### **Kò fanm ansent**

*Nan chapit sa a:*

**Ògan seksyèl yon fanm ak ògan ki pèmèt li fè pitit.....27**

**Kouman fanm vin ansent.....29**

Kouman pitit la grandi.....30      Menopoz.....31  
Esteril.....30

# Kò fanm ansent


## CHAPIT 3

Nan chapit sa a, nou dekri pati nan kò yon fanm ki gen plis rapò ak sèks, gwosès, epi akouchman. Nou rele pati sa yo ògan seksyèl oswa ògan repwodiktif ki pèmèt yon fanm fè pitit. Anplis, nou eksplike fason yon fanm vin ansent, ak fason kò yon fanm chanje pandan l ansent.

staying well



### Ògan seksyèl ak repwodiktif yon fanm

#### Pati Jenital yon fanm




#### Basen

Zo ki anba vant la rele basen




Basen an gen fòm yon bòl ki gen yon twou anba.




Pandan akouchman an, pitit la pase nan twou sa a pou l sot deyò.

**Matris, twonp, ak ovè**

Matris la se yon misk ki vid (li pa gen anyen andan l). Li chita anndan basen an. Lè yon fanm gen règ li chak mwa se nan matris la san a soti, epi matris la se kote pitit la devlope pandan gwosès la.




Kè  
Poumon  
Fwa  
Trip  
Lestomak  
Ren  
Vesi pipi




**Matris** la menm kote avèk vant fanm nan ansanm avèk lòt ògan li yo,

Si w te ka wè matris la anndan vant yon fanm, men a kisa li t'ap sanble:




## Kouman fanm vin ansent

Anviwon yon fwa pa mwa, ovè fanm nan lage yon ti ze tou piti. Ze sa a desann nan twonp la epi li ale nan matris la.




Gason yo menm fè anpil ti selil andedan testikil yo. Selil sa yo rele espèmatozoyid. Lè yon gason ejakile (voye), gen yon likid ki rele espèm (dechay) ki soti nan penis li. Gen plizyè milyon espèmatozoyid ki soti nan likid sa a



Si yon gason ejakile andedan vajen yon fanm pandan yo ap fè sèks, selil espèmatozoyid yo ka pase nan vajen fanm nan, antre nan matris li, epi li ale nan twonp li yo

Si pandan fanm nan ak gason an ap fè sèks nan period de tan (nan mwa a) lè ze ki soti nan ovè fanm nan ap desann ale nan twonp la, youn nan espèmatozoyid gason an ka kontre ak ze fanm nan. Ze sa a ka tou plante la andedan matris fanm nan. Si sa rive, konnen fanm nan ansent



Chak mwa fanm nan pa ansent, san ki andedan matris la soti deyò nan anviwon de semèn apre l fin lage ze a. Nou rele sa règ

## Kouman pitit la devlope

Aprè yon espèmatozoyid ak yon ze kontre nan matris yon fanm, yo mete ansanm pou yo fòme yon gwoup selil ki miltiplye, answit ki devlope pou l vin fè yon pitit.


San manman an gen oksijèn ki soti nan lè ke l respire, epi san li gen nitrisyon nan manje l manje. Answit oksijèn ak nouriti pase nan san manman ale nan placenta ak kod lombrit pou ale jwen pitit la.

Pandan 3 premye mwa gwosès la, li difisil pou wè si vant fanm nan kòmanse parèt sou deyò. Sepandan andedan matris la, ògan, zo, ak lòt pati nan kò pitit la kòmanse ap fòme. Pandan premye mwa sa yo, li enpòtan anpil pou yon fanm evite pwodi chimik ki gen

pwazon, medikaman ki pa nesèsè, ak tafya (alkòl), paske bagay sa yo ka bay pitit kap devlope a pwoblèm.

Toutotan pitit la ap grandi, matris la ap grandi tou.


Manman an ka wè vant li ap gwo, epi li ka santi matris la lè l mete yon men sou vant li.



*Lè yon fanm gen anviwon 5 tèt matris la anba zo kòt li. matris li nan lonbrit li*



*Lè yon fanm gen 9 mwa gwosès, li ka santi.*



Si l posib pou w gade anndan matris yon fanm ansent, men sa w t'ap wè.

Andedan matris la, pitit la ap flote nan yon sak dlo ki rele likid amnyotik (sak dlo). Kòd lonbrit la konekte pitit la ak placenta a (delivrans), epi placenta a kole ak matris manman an pa andedan.

## Esteril

Lè yon moun gen difikilte pou l fè yon pitit, moun sa a esteril. Lè de moun ta renmen gen pitit epi yo pa kapab, pwoblèm sa a ka bay tristès, kòlè, oswa lawontès.

Leplisouvan, se fanm nan yo fè repwòch lè li pa ka ansent. Menm si tou de moun yo chache jwenn asistans medikal, se fanm nan sèlman anpil doktè egzamine pou pwoblèm esteril la. Sepandan anpil fwa, se gason an ki esteril. Yo pa dwe blame ni gason, ni fanm pou pwoblèm esteril. Anplis de sa, yo tou de bezwen sipò nan moman difisil sa a.



Gen anpil bagay ki lakòz yon moun esteril. Genyen lakòz ki pa ka evite. Sepandan, anpil bagay ki lakòz pwoblèm esteril ka evite.

- Enfeksyon ke fanm nan oswa gason an pran nan fè sèks ka kite sikatris anndan ògan ki pèmèt yo fè pitit, epi sa lakòz yo esteril.
- Maladi tankou dyabèt (sik), tibèkiloz (TB), malarya ak malmouton ka lakòz yon moun esteril.
- Pwodi chimik danjere ki soti nan pestisid, pwodi netwayaj, oswa pwodi nan faktori ka rantre nan lè moun respire a, nan dlo, oswa nan manje. Pwodi chimik sa yo ka lakòz yon fanm vin gen difikilte pou li ansent, osinon yo ka yon danje pou pitit k'ap devlope a.
- Fimen, moulen tabak nan bouch, bwè anpil alkòl, pran dwòg, tout bagay sa yo ka lakòz moun pa ka fè pitit.



Menm rad lave ki gen move pwodi chimik ladanl ka fè moun vin esteril.

Gen lòt bagay ki lakòz yon moun esteril, epi ki pa ka evite. Pou aprann plis, gade nan nenpòt liv ki bay enfòmasyon jeneral sou lasante, pa egzanp liv ki rele **Kote Fanm Yo Pa Gen Doktè (Where Women Have no Doctor, anglè)**.

## Menopoz

Lè fanm yo avanse nan laj, yo sispann gen règ chak mwa (menopoz). Anplis, yo pa pwodi ze ankò, donk sa fè yo pa ka ansent. Sa ka rive yon sèl kou, osinon byen dousman nan 1 oswa 2 zan. Pifò fanm fè menopoz lè yo ant 45 ak 55 kan.



Lè menopoz la rive, men siy yo parèt lakay anpil fanm :

- Chanjman nan règ yo chak mwa anvan san an rete nèt
- Yo santi chalè toudenkou epi y ap swe.
- Vajen yo vin piti epi li pi sèch
- Yo chanje atitud toudenkou

Anpil fanm santi yo soulaje lè yo pa gen pou yo ansent ankò. Antanke moun ki plis aje, fanm yo ka pataje sajès ke yo aprann nan lavi.

Gason yo kontinye pwodi espèmatozoyid pandan prèske tout lavi yo, menm lè yo vye granmoun.